Sukamade, 29 Juni 1995

# SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan dibawah ini, saya :

Nama : Mochamad Toyib

Umur : 25 tahun

Agama : Islam

Jabatan : Kepala Dusun Sukamade, Desa Sarongan,
Kec. Pesanggaran, Kab. Banyuwangi

menyatakan dengan sebenarnya bahwasanya pihak yang bertanda tangan dibawah ini telah menyatakan penelitian di dusun kami sudah se - lesai.

Pihak yang bersangkutan adalah :

Nama : Pandu Buwono

Umur : 23 tahun

Status : Mahasiswa Sastra Inggris FISIP UNAIR
dengan NIM 079012723

Harap dengan pemberitahuan ini semua pihak menjadikannya maklum.

Mengetahui
a/n. Kepala Desa
Sarongan
Sekdes
Ub.
KAUR UMUM

KATERAN EDIANTO

Kepala Dusun
Sukamade

KEPALA DUSUN SUKAMADE DESA SARONGAN

(Moch. Toyib)

IR - PERPUSTAKAAN UNIVERSITAS AIRLANGGA

# PANDHAWA LIMA

Ing negara Ngastina jumeneng nata kang jejuluk Prabu Pandhudéwanata. Sang Prabu kagungan putra cacahe lima, lanang kabèh. Pambarepé aran Prabu Puntadéwa jumeneng nata ing - negara Ngamarta. Déné adhiné yaiku Radèn Werkudoro dadi sa triya ing Jodhipati utawa Tunggul Pamenang. Panengahé yaiku Radèn Arjuna kang uga karan Radèn Permadi utawa Radèn Janaka. Prabu Puntadéwa, Radèn Werkudoro lan Radèn Arjuna iku putrané Prabu Pandhudéwanata karo garwa Dèwi Kunthi Ta librata. Dadi telu-teluné sedulur tunggal bapabiyung.

Déné sing angka papat lan lima, yaiku si kembar Nakula lan Sadéwa kang lahir saka garwa Dèwi Madrim. Mula saka iku, Nakula lan Sadéwa karo Prabu Puntadéwa, Radèn Werkudo ro lan Radèn Arjuna, diarani sedulur tunggal bapa séjé ibu. Niwit isih cilik para kadang Pandhawa wis katon luhur bebu dèné, seneng tetulung lan welas asih marang sapepadhaning ngaurip.

Radèn Werkudoro lairé angèl banget, béda karo sedulur-seduluré. Lairé anèh, ora awujud jabang bayi, nanging awujud bungkus, gumlundhung kaya bal. Nganti andhiné lair, ya iku Arjuna, bungkus durung bisa pecah. Bungkus banjur dibu wang menyang alas, pamrihé supaya bisa pecah déné kèwan ga lak. Nanging bungkus tetep durung bisa pecah. Wusasane bung kus mau bisa pecah sarana ditlaté lan digadhing karo Gajah Séna. Jabang bayi kuwi nuli diwènèhi jeneng Bratasèna, sa-

banjuré karan Radèn Werkudoro. Raden Werkudoro karo garwané Dèwi Arimbi kagungan putra awujud raseksa, jenengé Radèn Tutuka. Nganti telung taun ari-ariné durung bisa pedhot.

Nuju sawijining dina Bathara Narada rawuh ing Jodhipati ngasta pusaka awujud warangka tumbak Kyai Kuntawijayadanu. Ari-ariné Radèn Tutuka wusasané bisa dipedhot nganggo pusaka mau. Para déwa padha bungah, Radèn Tutuka digemblèng ana ing kawah Candradimuka, banjur malih dadi satriya kang bagus, asmané diganti Radèn Gatutkaca. Radèn Gatutkaca ora mung satriya kang bagus, nanging uga gagah prakosa sekti mandraguna.

IR - PERPUSTAKAAN UNIVERSITAS AIRLANGGA

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki !
1. Pandhawa iku cacahé ana pira ?
2. Sapa pambarepé lan sapa panengahé ?
3. Sapa sing lair bungkus ?
4. Génèya bungkus dibuwang menyang alas ?
5. Kepriyé watəké para kadang Pandhawa ?

B. Isenana nganggo tembung sing wis kapacak ing sisih ngisor !
1. Ramané para kadang Pandhawa iku ............
2. Prabu Puntadéwa lan Radèn Arjuna iku sedulur ...........
3. Ibuné Radèn Puntadéwa lan Radèn Werkudara iku ..........
4. Dewi Madrim iku ibuné ............
5. Radèn Werkudara lan Nakula Sadéwa iku sedulur ..........
6. Radèn Werkudara lair awujud .........
7. Ari-ariné Radèn Tutuka dipedhot nganggo warangka tumbak .......
8. Radèn Tutuka digemblèng ana ing ...........
9. Raden Gathutkaca iku putrané Radèn Werkudara karo ..........
10. Prabu Pandhuwenata jumeneng nata ing negara ...........

| | |
|---|---|
| a. Nakula lan Sadewa | g. Prabu Pandhudewanata |
| b. tunggal bapa seje ibu | h. Dewi Kunthi Talibrata |
| c. kawah Candradimuka | i. Dewi Arimbi |
| d. Kyai Kuntawijayadanu | j. Gajah Sena |
| e. tunggal bapa biyung | k. Ngastina |
| f. Raden Arjuna | l. bungkus |
| | m. Ngamarta |

Nama :

No. absen:

Suku :

IR - PERPUSTAKAAN UNIVERSITAS AIRLANGGA

PANDHEBEH LÉMA'

E nagere Ngastina sè dehdih ratu anyama prabu Pandhudé'wanatak. Sang Prabu tatoh geduwen potra lalèmak, lalakèk kabih. Sè paling tuwah anyama Prabu Puntadewa, dedih ratu è nagere Amarta. Mon Adik'en kasebut Raden Werkudoro dedih satriya e Yodipati utabe Tunggul Pamerang, sè ngatengah Raden Arjuna jugen kasebut Raden Permadi utaben Raden Janaka. Prabu Puntadewa, Raden Werkudoro sareng Raden Arjuna kakdinto putraen Prabu Pandhudewanata asareng rajina Dewi Kunti Talibrata. Dedih tok teloken taretan polong rema èbuk.

Mon sè nomer empak sareng lèmak ènggi panèka sè kember Nakula sareng Sadewa, sè lahèr dheri rajien Dèwi Madrim. Pramèla Nakula sareng Sadèwa asareng Prabu Puntadèwa, Raden Werkudoro sareng Raden Arjuna kasebut tarètan polong Rama laèn ébuk. Mulae kinik sadejeh Pandhabeh satarètan ampon atèngal tènggih bebetek e pun, seneng atolong sareng beles asih sareng sapadahen omat odik.

Raden Werkudoro lahèrépon nyangsara, bideh sareng tan taretannah. Lahèrépon aneh, tak abujud jebeng bejik, tape awujud bungkos, ddung glundengan akadiyeh bal. Sampèk adhikén lahèr enggih kakdintoh Arjuna, bungkos belun bisa pecah. Bungkos teros ebuweng ka alas supajeh bisa è pecah sareng kèben gelek. Tapè bungkos tetep tak bisa pecah. Teros bungkos kakdintoh bisa pecah salasterèhen ètlalè sareng è gendhing kalaben Gajeh Sena. mBejik ka'dinto teros èparèngè asma Bratasena. saterosè-

pon anyama Raden Werkudoro. Raden Werkudoro sareng rajina Dewi Arimbigèduwen putrah abujud raksasa, anyama Raden Tutuka, tager telotaon tamonenah belun bisa pegek.

Najuh sètong arèh Bethara Naradeh rabuh ka Jodipati angastani posaka abujud berangkak tombek Kyaè Kontawijayandanu. Rè arèn radin TUtuka teros bisa è pegek nganggui posaka kadinto. Para dewa same seneng, Raden Tutuka è gembleng (é didik) bedeh è kawah Candradimukah, teros dedih satriya sè begus, asmaen è gentèh Raden Gatutkaca. Raden Gatutkaca tak namong satrèya sè begus, tapè jugen gegeh tor gegek sektèh amandragunah.

IR - PERPUSTAKAAN UNIVERSITAS AIRLANGGA

A. Jeweb pertanyaan-pertanyaan è bebe riya !

1. Pandhaba sadejeèpon bede sapanapa ?
2. Pasèrah sè paling sari yang sareng ngahtengahen ?
3. Pasèrah sè lahèr bungkos ?
4. Apanapah bungkos ebuweng dek-ka alas ?
5. Kadipanapa bebetekèpun para tarètan Pandhabeh ?

B. Esèkè abedih cak ocak sè ampon katolès ebebeh kadinto !

1. Ramana kadeng Pandhaba ènggi kadinto ..........
2. Prabu Puntodewa sareng Radin Arjuna kadinto tarètan ......
3. Ebuen Radin Puntadewa sareng Radin Werkudara ènggi kakdinto....
4. Dèwi Madrim kakdinto èbukèpon ........
5. Radin Werkudara sareng Nakula Sadewa kakdinto tarètan ........
6. Radin Werkudara lahèr awujut .......
7. Tamonèna Radin Tutuka ekethok àbedih tombak .........
8. Radin Tutuka è gudug è ............
9. Radin Gathutkaca kakdinto putraen Radin Werkudara sareng .....
10. Prabu Pandhudewanata ajumeneng ratoh enagere .......

---

a. Nakula sareng Sadewa
b. apolong Rama ebuk
c. kawah Candradimuka
d. Kyai Kuntawijayadanu
e. polong Rama laen ebuk
f. Radin Arjuna
g. Prabu Pandhudewanata
h. Dewi Kunti Talibrata
i. Dewi Arimbi
j. Gajah Sena
k. Ngastina
l. bungkos
m. Ngamarta

---

Nama :

No. absen:

# INSTRUMENT OF THE RESEARCH
# LISTENING AND SPEAKING SKILLS OF
# SUKANADE'S BILINGUAL CHILDREN

## I. Listening Skill

A. To understand the content of the conversation.

1. Rungokno omongane bocah loro ing ngisor iki :

Hasan :"Menyang endhi kowe lunga dhek preian kepungkur kae, Li ?"

Ali :"Aku lunga menyang Surabaya, nang kana aku ndelok kebun binatang. Banjur kowe lunga menyang endhi ? "

Hasan :"Aku lunga menyang Sumenep. Nang kana aku ndelok wong nggawe uyah."

2. Rungokno omongane Hamzah, Romlah, lan simbahe ing ngisor iki :

Hamzah :"Romlah, preian kita wis rampung. Sesuk awake dhewe mesti kudhu bali."

Simbah :"Budhala teka kene sesuk esuk."

Romlah :"Aku ora gelem bali. Aku isih seneng ning kene."

Simbah :"Ya aja ngono Romlah ... Kowe kudhu bali merga kudhu mlebu sekolah maneh."

Hamzah :"Leres,Mbah. Kita kudho bali ! Preian sing arep teka wae kita arep sambang mriki malih."

3. Rungokno omongane antarane Pak Guru kaliyan Siti ing ngisor iki :

Pak Guru :"Siti, ana apa kowe kerep teka telat ? "

Siti :"Griya kula tebih saking sekolah, Pak Guru."

Pak Guru :"Jam pira kowe banjur budhal saka omah ? "

Siti :"Jam 7.00, Pak Guru."

PaGuru :"Iku kawanen. Budhala luwih isuk supaya kowe ora telat teka sekolahan."

Siti :"Inggih, Pak Guru. Mulai mbenjang injing kula ajeng bidhal saking griya jam 6.30."

4. Rungokno omongane antarane Ibu lan Tuti ing ngisor iki :

Ibu :"Tut, lunga a belanja menyang pasar !"

Tuti :"Inggih, Bu. Badhe tumbas napa mawon ?"

Ibu :"Lenga goreng, kentang lan daging. Aja lali uga tuku buah-buahan! Iki dhuwite ."

Tuti :"Inggih, Bu. Punapa pareng kula numpak becak, Bu ? "

Ibu :"Oleh, yen awakmu rumangsa abot nggawa belanjamu. "

5. Rungokno kanti permati apa sing arep dhak critakake iki !
Wis telung dina Fatimah ora mlebu sekolah. Awake panas. Kadhang-kadhang dheweke watuk. Dheweke ngrasakake sirahe mumet. Pendhak wingi dheweke digawa menyang dokter karo bapake. Miturut dokter, Fatimah kudu istirahat.

6. Rungokno kanti permati apa sing arep aren dak caritakake iki!
Waktu perang kemerdekaan sing ke loro mungsuh walanda tahun 1947, ning Malalo sebelah wetan Danau Singkarak, kanggo nglancarake sesambungan rasa digawekake sungu kebo sing dijenengake "puput tanduk". Kanti pasetujon, menawa ana suara puput tanduk kaping telu kanti muni lan kanti suara dhawa, iku ategese tentara walanda mlebu kampung, menawa kaping pindo kanti suara dhawa, ateges aman.

IR - PERPUSTAKAAN UNIVERSITAS AIRLANGGA

7. Rungakna apa sing arep diceritakake iki !

Waktu riyadin sing kepungkur, aku karo Bapak, Ibu lan adhi lunga menyang daleme eyang putri. Kita budhal sak mungkure sholat Ied. Ing daleme eyang rame banget. Kabeh keluarga kumpul ing kana. Eyang ndamel maneka werna jajanan.

B. To conclude from the content of conversation

1. Rungakna omongane wong loro iki !

Ahmad :"Pangapunten, Pak Guru. Kula kesupen mboten mbekta buku bahasa Indonesia."

Pak Guru :"Yo wis, ora apa-apa. Liya dina kowe kudhu luwih teliti ! Sak iki lungguha cedhak kancamu supaya bisa melu maca."

Ahmad :"Inggih, Pak Guru. Kula badhe lungguh cedhak Ali."

2. Rungakna omongane arek loro ing ngisor iki !

Budi :"Nik, sawangen menduwur ! Mendunge kandhel lan tebel!"

Nanik :"Wah, iya. Wis gerimis. Mesthi udane mengko deres !"

Budi :"Aku lali ora nggawa payung."

Nanik :"Aku nggawa kok, Bud. Mengko bisa digawe bebarengan."

3. Rungakna omongan ing ngisor iki !

Hadi :"Ngendikane Pak Guru kabeh murid kelas VI umure 12 tahun. Apa bener iku ? "

Bowo :"Iyo, bener.. umurku uga 12 tahun. Umurmu pira ? "

Hadi :"Umurku uga 12 tahun".

4. Rungakna omongan ing ngisor iki !

Pak Guru :"Bocah-bocah. kowe aja seneng mbolos. Bocah sing seneng mbolos karan bocah sing males !"

Tuti :"Kula mboten natos mbolos, Pak Guru."

Ridwan :"Kula inggih mboten natos mbolos."

P. Guru:"Iya, wis"."Kowe kabeh pancene ora tau mbolos".

5. Rungakna kanti permati apa sing arep dicritakake iki !

Saban dina Hasanah tangi isuk banget. Sakmun kure sembahyang subuh dheweke nyapu latar, terus nggodok banyu ning pawon. Sak wise ngrewangi simbahe dheweke ringkes-ringkes budhal sekolah.

6. Rungakna kanti permati apa sing arep dicritakake ing ngisor iki !

Paijo kancane akeh. Kanca-kancane kuwi kabeh teka saka daerah sing beda-beda. Agamane uga beda-beda. Kanca-kanca sing teka saka Madura, Sunda, lan Aceh agamane Islam. Dene sing kanca saka Bali Agamane Hindu.

7. Rungakna kanti permati apa sing arep dicritakake iki !

Kanca-kanca sak kelasku cacahe ana 40, limang bocah ing antarane arep lunga preian nang Bali. Dene sing liyane arep lunga menyang Surabaya.

C. To distinguish sentence's intonation.

Sawangen lan mangerteni ukara-ukara ing ngisor iki !

Banjur sebuten jenis ukara ing katulis iku.

1. Aku seneng mangan rujak lan krupuk
   a. ukara pitakon.
   b, ukara berita / woro-woro.
   c. ukara perintah/ pangutus.
2. Kowe seneng mangan rujak apa roti ?
   a. ukara pitakon.
   b. ukara berita / woro-woro
   c. ukara perintah/ pangutus.

3. He, Dullah. Aja rame-rame !
   a. ukara pitakon. c. ukara perintah / pengutus
   b. ukara berita / woro-woro
4. Pilihen ukara ing ngisor iki sing klebu ukara pitakon !
   a. Ali lunga nang Surabaya.
   b. Ali lunga nang Surabaya.
   c. Ali, lungaa nang Surabaya !
5. Pilihen ukara ing ngisor iki sing klebu ukara berita / woro-woro !
   a. Arif mbenjing lunga nang pasar ?
   b. Arif mbenjing lunga nang pasar.
   c. Arif mbenjing kudhu lunga nang pasar !
6. Pilihen ukara ing ngisor iki sing klebu ukara perintah / pengutus !
   a. Bu, aku apa wis oleh siyam ?
   b. Kowe oleh siyam.
   c. Lakonana siyam ateges karo perintahe Allah !

Pitakon-pitakon kanggo bagian A !

1. Apa sing diomongake bocah loro kuwi ?
   a. Kanggon-kanggon sing didhe ok preian kepungkur.
   b. Rena-renane kewan nang kebun binatang.
   c. Carane wong nggawe uyah nang Sumenep.
   d. Nglencer nang Surabaya.
2. Punapa Hamzah karo Romlah kudhu bali sesuk ?
   a. Sabab dheweke preian nang daleme Simbah.
   b. Sabab preian wis mungkur tur kudhu mlebu sekolah malih.

c. Sabab kudhu budhal bali isuk-isuk.

d. Sabab diutus kaliyan Simbah.

3. Bener apa salah ukara ing ngisor iki ?

Siti telat teka sekolahan sababe males.

4. Bener apa salah ukara ing ngisor iki ?

Ibu lan Tuti lunga menyang pasar damel belanja.

5. Punapa Fatimah wis telung dina ora mlebu sekolah ?

a. Sabab dheweke kudhu istirahat.

b. Sabab dheweke lunga menyang dokter.

c. Sabab dheweke lara.

d. Sabab dheweke lunga kaliyan Bapak.

6. Digawe apa puput tanduk ing carita kuwi ?

a. Digawe muni-munian ingkang krungune enak.

b. Digawe muni-munian gawe tanda-tandane sesambungan rasa.

c. Digawe nglawan walanda.

d. Digawe dolanan se ajeg e perang kemerdekaan.

7. Bener apa salah ukara ing ngisor iki ?

Kita lunga nang daleme eyang putri waktu riyadin.

Pitakon-pitakon bagian B !

1. Nang endi kedadiane Pak Guru ngendikan karo Ahmad ?

a. Nang latare sekolahan.

b. Nang omahe Ahmad.

c. Nang kelas.

d. Nang daleme Pak Guru.

2. Sesambungan karo omongan kasebut dumadi wektu usum apa ?
   a. Usum rendeng.
   b. Usum ketiga.
   c. Usum panen.
   d. Usum adem.
3. Bener apa salah ukara ing ngisor iki ?
   Hadi lan Bowo iku murid kelas VI.
4. Bener apa salah ukara ing ngisor iki ?
   Tuti, Ridwan, lan kanca-kancane iku bocah-bocah sing rajin sekolah.
5. Hasnah yaiku bocah sing :
   a. sregep.
   b. nakal.
   c. isinan.
   d. menengan.
6. Paijo iku bocah sing :
   a. seneng kekancan.
   b. nakal banget.
   c. diadohi kanca-kancane .
   d. seneng dolanan dhewe.
7. Bener apa salah ukara ing ngisor iki ?
   Namung 5 bocah kanca-kancaku sak kelas sing lunga preian.

II. <u>Speaking Skill</u>